# *Rezèvwa Ki Fann*

Seyè, mwen kwè; Seyè, mwen kwè,
Tout bagay posib; Seyè, mwen kwè.

2 Annou rete kanpe jis yon moman epi koube tèt nou. Seyè Jezi, n ap eseye ak ti moyen modès nou an, eksprime W, ak chante sa a, ke nou kwè. E nou priye, Seyè, ke kounye a, ke Ou va kontinye brize Pen Lavi a pou nou, antan W ap ban nou sa nou bezwen, ki soti nan Pawòl Ou. Paske nou mande li nan Non Jezi. Amèn.

3 Nou mèt chita. Mwen sèten tout bon, si nou ta dwe, si m ta pwononse kounye a mo "amèn" lan ki sifi poutèt li, ke benediksyon sakre Bondye yo t ap toujou repoze sou oditwa sa a.

4 Mwen te chita maten an e mwen te koute sèvis la avèk atansyon, mwen te renmen temwayaj yo, diferan fason ke chak moun genyen pou eksprime tèt yo. E pou nou te tande moun sa yo ki fèk vini yo, frè Batis la isi a ki te vin ekskize l paske li te panse ke sa yon ti jan fo. Alò mwen—mwen sètènman apresye imen, yon moun ki ka imen ase, oswa—oswa jantiyòm ase, si li panse ke li te fè yon erè. Li pa t mande m padon egzakteman, se pa mwen menm li t ap mande padon, se te Bondye. Alò mwen—mwen apresye sa, ou wè. Bondye beni frè nou an, ak frè evanjelis li a.

5 O la la, Batis sa a, ou konnen, mwen te abitye fè pati legliz Batis mwen menm. Mwen te yon manm nan Legliz Misyonè Batis. Lè m vini nan mitan pèp la, mwen konnen ki jan nou santi nou. Mwen te santi m menm jan an, mwen te jis ranpli ak yon bagay ke mwen—mwen pa t konnen.

6 Mwen sonje premye eksperyans mwen lè m te wè yon pannkotis, se te nan Dowagiac, Michigan . . . Ekskize m, mwen te ale Dowagiac nan yon vwayaj lapèch, e mwen t ap soti Dowagiac, pou m desann nan Indiana. E alò mwen te wè non yo, "Jezi" sou tout machin yo ak lòt bagay, e mwen te asiste sèvis yo jou sa a. E nan demen yo te mande m pou m vin sou estrad la, pou m di kèk mo, e mwen te fè sa. E mwen . . . Yo te mande m nan ki legliz mwen te mache, e mwen te di yo mwen te yon Batis.

7 E jou swa sa a yo te gen yon granmoun nwa ki ta pral preche, e li dwe te fon nan laj katreven yo, e li te vini sou estrad la. Vye tip la, yo dwe prèske te kondwi l. Li te mete youn nan rad long sa yo minis yo konn mete yo, ak kòl an velou an, epi jis yon ti touf plim blan akote l. E mwen panse: "Valè tout mesye sa yo ki isi a ak teyolojyen yo, gran mesye, kouman yo fè kite yo remèt sèvis la bay yon tip konsa? Ebyen, granmoun lan ta dwe yon kote nan yon chèz, pou l chita."

8 Yo t ap preche jou sa a sou sa Jezi te fè isi a sou latè. E, men li pran, li te pran tèks li, mwen kwè se te nan Jòb:7, 20, annou

di, mwen pa fin sèten ke se Lekriti a. Sepandan, men sitasyon an, oswa yon pati nan li: "Kote ou te ye lè m t ap poze fondasyon monn lan, lè tout zetwal yo jou maten sa a t ap chante ansanm, e tout pitit Bondye yo t ap rele kontantman?" E li te pale sou sa ki te pase nan Syèl la, pandan yo t ap pale sou sa ki te pase sou latè.

9 E yon kote, apre li fin pale anviwon senk minit, li, Lespri Seyè a te frape l, e li te sote anlè sou planche a epi li te klake talon soulye l ansanm. O la la, te si tèlman gen plas, te gen prèske mwatye nan estrad isi a; e li te ale pou l soti, li di: "Nou jis pa gen ase plas isi a la pou mwen pou m preche."

10 Ebyen, mwen te genyen anviwon ventan lè sa a. Mwen te panse: "Si—si sa ka fè sa pou granmoun sa a, kisa l ap fè pou mwen?" Ou wè?

11 Nan entansyon pou n gade tout bagay jis nan lòd pou nouvo frè nou yo, ke nou sètènman swete yo byenvini nan fratènite nou an. Mwen wè, mwen kwè ke yo te fè mansyon ke gen yon prèt ki chita isi a, mwen panse; sètènman, paske m se Ilandè, fanmi m yo se Katolik. E alò te genyen kèk ankò, Batis ak diferan lòt. Nou dwe te yon ti jan konfi, toutalè a. Mwen remake ke pa gen youn nan frè yo ki pale de sa, men mwen panse ke mwen t a vle eseye redrese sa. Lè Frè Shakarian . . . Apre ke gran predikatè isi a te fin tèlman ranpli ak lajwa, paske li konnen ke Vini Seyè a tèlman pwòch, li—li te pale nan yon lang enkoni, pou nou. E nou genyen entèprèt yo ki bay entèpretasyon an. Sou sa, Lekriti di: "Si pa gen entèprèt, kifè se pou yo fè silans." Men si—si yo pale an lang epi yo entèprete l, li vin pwofesi. Alò sa fè yon ti konfizyon lè se toude nan—nan yo nan menm lè a. Bon, pa t gen yon ti kras konfizyon, ou wè; paske, youn nan yo t ap bay entèpretasyon an, lòt la t ap pwofetize. Ou wè? Alò se . . .

12 Mwen panse ke mwen ta fè frè nou yo konprann, si yo pa t konprann, paske youn nan yo te bay kòrèkteman . . . Èske nou te remake limit tan yo chak te genyen? E lòt la te jis tèlman ranpli, limenm, ke Lespri Bondye t ap pwofetize nan youn; entèprete, lòt la t ap bay entèpretasyon an. Konsa li kapab klè, ke ou . . . nou pa . . . Pafwa, pou panse natirèl la . . . Jis tankou presye frè nou an ki prezante ekskiz li maten an. Sa bay ti konfizyon a moun ki pa konprann lan. Men pou sa yo ki anndan, veteran nan batay la ke nou ye a, franchman, nou konprann sa, kisa bagay sa yo ye. Alò mwen te jis panse pou m ta di yon bagay sou sa, si se te kòrèk.

13 Bon, mwen—mwen konnen se pa yon plas pou di sa. Men paske tout moun konn ap rakonte ti bagay, mwen . . . Ou konnen, tip sa te di, granmoun nwa a te di: "Nou pa gen ase plas pou mwen pou m preche." Nou pa gen ase *tan* pou mwen pou m preche. [Kongregasyon an bat bravo—Editè a.] Mwen pito long.

14 Yon nonm te di yon jou, li di: "Yon minis te vini, li te pastè legliz la depi ventan. E li te toujou preche jis egzakteman pandan

trant minit chak dimanch maten nan legliz li." E li di: "Jou dimanch maten sa a, li te preche pandan twazè."

15 E konsèy dyak la te rele l, epi yo di l: "Pastè, nou reyèlman apresye w." Yo di: "Nou toujou konnen ke—ke ou pran pozisyon pou Bib la ak dwa Li yo." Epi yo di: "E ou toujou korije nou pou nou ka santi nou pi epi pwòp devan Bondye. E nou reyèlman apresye w, e nou kwè ou se sèvitè Bondye. E nou apresye sètènman mesaj sa a maten an. Men," yo di, "gen jis yon sèl bagay nou vle mande w." Yo di: "Nou te fikse yon tan pou ou, kòm konsèy dyak." Yo di: "Chak dimanch maten ou preche jis egzakteman pandan trant minit, e jodi a ou preche pandan twazè." Yo di: "Bon, sonje, nou apresye chak pati ladann. Se te kòrèk." Yo te fè vye tip la santi l byen, ou konnen.

16 Li di: "Ebyen, frèm yo, m ap di nou kouman sa ye." Li di: "Chak maten lè m ale. . . Yo relem pou m al sou lestrad la," li di, "mwen mete youn nan ti sirèt Life Savers sa yo nan bouch mwen," li di, "e mwen jis souse l." E li di: "Lè sirèt Life Saver a fini," li di, "sa jis pran trant minit," e li di, "alò mwen sispann preche." Li di: "Ou konnen, jou maten sa a, mwen panse ke mwen te on ti jan depase tan an. Mwen te krache l, mwen te gen yon bouton nan bouch mwen." [Kongregasyon an ri—Editè a.]

17 Mwen p ap mete anyen, alò nou espere ke nou pa genyen kèk bouton nan pòch nou. Men nou se. . . Mwen espere ke sa pat gen lè yon sakrilèj la a. Men mwen jis. . . Ou konnen, menm Bondye gen sans imou, ou konnen.

18 Alò nou trè rekonesan paske nou isi a la epi nou genyen tan fratènite sa a, e—e ak gran privilèj pou m brize Pen Lavi a yon fwa ankò, nan ti fason senp pa m lan. Mwen konnen, antan ke teyolojyen, tankou nonm sa a ki soti an Angletè a te pale isi a la yè swa; o la la, mwen rayi leve kanpe pale dèyè yon moun konsa, avèk setyèm ane primè m lan. Men mwen gen espwa ke Bondye ap entèprete pou nou sa m vle di nou nan kè m. Ou wè? Si pawòl mwen yo pa kòrèk, entansyon m yo, mwen—mwen gen konfyans, ke yo kòrèk.

19 Kounye a annou li nan Lekriti. Anpil nan nou renmen swiv. E mwen pral li maten an, pou jis yon ti moman, nan Liv Jeremi, pwofèt la, chapit 2 a, e mwen pral kòmanse kounye a ak vèsè 1 an.

> Epi Pawòl SEYÈ a te vin jwenn mwen, *li di m konsa:*
>
> *Ale non* epi kriye *nan lavil Jerizalèm,* di konsa*: Men sa* SEYÈ *a di; mwen chonje ou,* bonte ou *lè ou te jenn,* e lanmou ou lè ou te fiyanse, lè *ou te swiv mwen nan dezè a,* e sou yon tè *kote anyen pa pouse.*
>
> *Izrayèl* te konsakre a SEYÈ a, epi *tankou premye rekòt* fwi *jaden* li*: tout* sa ki devore li pral. . . e ki te fè mal; *malè* pral *tonbe sou yo,* SEYÈ *a ki di sa.*

*Koute* pawòl SEYÈ *a,* O *moun fanmi* lakay *Jakòb yo,* ak tout *fanmi* yo lakay *Izrayèl la:*

*Men sa* SEYÈ *a di:* Ki inikite *zansèt nou yo* te jwenn nan *mwen,* pou ke yo te ale lwen *mwen,* epi *mache dèyè* vanite, epi *yo vin pa vo anyen*?

Ni *yo pa* di*: Kote* SEYÈ *a ki te fè nou moute sòti nan peyi Lejip la,* epi *ki te* kondwi *nou nan dezè a, nan yon peyi tè sèk* e ki *plen twou, nan yon peyi ki gen sechrès, epi ki nan* lonbraj *lanmò,* nan *yon peyi kote moun pa menm* pase, epi . . . okenn *moun pa* abite?

Epi *mwen fè nou antre nan yon peyi* pwospè, *pou nou manje* fwi li yo *ak bon bagay li yo; men, lè nou rive ladan l, nou* souye, *peyi a,* epi *nou fè* eritaj mwen *an tounen yon* abominasyon.

Epi ni *prèt yo pa di: Kote* SEYÈ *a?* Epi moun ki gen lalwa nan men *yo pa* t *konnen m:* e pastè *yo* tou te *trayi m,* e *pwofèt yo* te *pwofetize nan non Baal,* epi yo te *kouri dèyè* bagay ki *pa* itil *anyen.*

Ki don*k mwen pral . . . plede ak nou,* se *sa* SEYÈ *a di,* epi *mwen pral plede ak pitit pitit nou yo.*

Paske . . . nan peyi Kitim sa a, epi gade; epi *nan peyi Keda,* epi obsève byen ke, epi gade si genyen yon tèl bagay.

Èske yon *nasyon* te *chanje dye yo,* ki se . . . *pa* dye? *men pèp mwen an* chanje glwa yo *pou* sa ki pa itil anyen.

*Se pou* nou *pantan,* O syèl yo, *lè* nou *tande sa,* e *se pou* nou *tranble* ak freyè, . . . trè devaste, se *sa* SEYÈ *a di.*

*Paske pèp mwen an fè de* move bagay; *yo vire do ban mwen* fontèn *dlo* lavi a, epi yo fouye pou tèt yo rezèvwa, *rezèvwa* ki *fann,* ki *pa ka kenbe dlo.*

20 Ke Seyè a ajoute benediksyon L sou lekti Pawòl Li yo. E mwen ta renmen pran yon sijè apati de sa, tankou, *Rezèvwa Kì Fann.*

21 Lòske, antan nou t ap li Ekriti sa a maten an; seke, tout Ekriti bay pa enspirasyon. E nou vini Lakay Seyè a pou koreksyon ak konpreyansyon. E pafwa ke nou wè . . . nenpòt ti bagay vin sou chemen an.

22 Tankou nonm militè sa a, toutalè a, ki t ap pale avèk nou an epi li te di ke kèk bagay, ki kapab petèt nan kèk lòt peyi genyen yon sèten misil, oswa—oswa yon bagay sou ide sa a, e nou dwe jwenn yon bagay pou kontrekare sa nan—nan yon estraji militè.

23 Ebyen, se menm bagay la pou yon legliz, pou yon pawas kote yon nonm ap preche, oswa si li se yon evanjelis ki nan chan an. Lè li wè soulèvman, ak bagay ki fèk kòmanse, ki an mouvman, ki nan anfans li oswa nenpòt sa li ye a; se nonm sa a, si li se yon

sèvitè Bondye, se pou li bloke bagay sa a si tèlman lwen de panse moun yo pou ke yo elwaye yo de li. E nou pa vle sa rive, pou nou tonbe nan sitiyasyon konsa.

24 Bon, nan epòk Jeremi isi a la, pwofesi li, sa te fè anviwon swasantan depi lanmò Ezayi—Ezayi. E yo te pase anviwon swasantan san yo pa t genyen yon pwofèt majè. Te genyen Abakik ak kèk nan ti pwofèt minè yo, men Ezayi te dènye pwofèt majè. E moun yo te genyen, nan epòk sa a, pa t genyen pèsòn pou ki te fè yo soti. Yo te devye. Poutan, yo te pèp Bondye, ki te devye aktyèlman nan eta sa a ke—ke nou te jwenn yo a, lè Jeremi te vin pwofetize pou yo. E Jeremi tou te . . . Li te pwofetize anvan egzil la, epitou li te ale an egzil avèk yo.

25 Epi, natirèlman, Danyèl vini apre Jeremi. E Danyèl di ke li te konprann, dapre Lekriti, ke yo te dwe pase swasantdizan laba a.

26 Natirèlman, te gen yon lòt pwofèt nan mitan yo, ki te vle fè wè ke jouk sa a, kòm li te mete l sou kou li, ke se t ap yon ti bagay, ke nan dezan, ebyen, Bondye ta pral fè yo tout retounen, men Jeremi te konnen yon bagay diferan de sa. E nou konnen ki sa ki te pase pwofèt sa ki te pwofetize foste a, li te mouri nan menm ane a. Alò Bondye pa t ap kite l siviv.

27 E kounye a nou remake tou nan ki kondisyon moun yo te ye nan epòk sa a. Kounye a, mwen pa vle nou mal konprann mwen, mwen—mwen pa, vize . . . nan sa mwen vize pou m di isi a, kèk pasaj nan Lèzekriti ak kèk ti nòt.

28 Otrefwa mwen pa t konn bezwen ekri pasaj Lèzekriti mwen yo ak tout bagay. Men depi lè m fin pase vennsenkan dezyèm fwa a, ebyen, mwen—mwen pa sonje bagay yo janm te konn abitye fè l la, alò mwen note yon pasaj Lekriti e mwen yon ti jan konnen, apati de sa, ki kote m prale. Epi gen si tèlman tan ki konsakre pou lapriyè pou malad, e latriye, epi pati byen lwen, ke mwen pa gen tan pou m etidye vrèman janm ta dwe fè l.

29 Bon, men gran pwofèt sa a pou epòk sa a, se te Jeremi, e li te yon jan tankou Amòs ak anpil nan pwofèt yo ki te parèt. Li te boulvèse lè li te wè nan ki kondisyon nasyon an te ye. Kounye a te gen kote . . .

30 Pafwa lè n ap pale de yon nasyon, sa ka vin nan lide ke sa gen rapò ak yon—yon sèten gwoup. Se pa sa. Se yon pòtrè global de nasyon an. E nou wè, jodi a, yon—yon sitiyasyon konparab jodi a ak jan li te ye nan jou Jeremi yo, sa se nasyon an limenm, konplètman, ki te tonbe, plis oswa mwens, nan idolatri; yon jan, m ta ka di, li te elwaye lwen Bondye. E si sa ka fèt, se akoz feblès mesye yo ki dèyè chè a. Paske, si mesye dèyè chè a te rete dwat, e ak Pawòl Bondye a, Bondye t ap nan chak legliz tankou jan L ap bouje nan mitan nou isi a. Men yo elwaye moun de sa. E se sou bagay sa ke mwen—mwen vle pale maten an. E kounye a nou wè ke sa se yon verite absoli nan chak aj.

31 Mwen kwè se te Amòs, kòm mwen sot refere m a limenm toutalè a, ki te di ke li "pa t ni pwofèt, ni pitit yon pwofèt." Men li te di, ke, "Lè lyon gwonde, ki moun ki p ap gen kè kase?"

32 E si yon moun janm tande yon vrè lyon gwonde nan dezè a, sila yo nou tande nan kaj yo bò isi a yo jis ap myole. Men lè youn gwonde nan dezè a, tout bagay fè atansyon. Mwen deja dòmi nan jeng, pou m chase yo. E li se wa bèt yo, e, lè lyon sa a gwonde, menm eskarabe yo sispann kriye, tout bagay. Chakal yo—yo ak—ak yèn yo k ap kriye, ak lòt zannimo yo, epi jemisman babwen yo ak senj yo, eskarabe yo, ou ka apèn tande w k ap panse; men a distans kite yon lyon gwonde, epi chak eskarabe ap sispann rele. Ou wè, tout bagay pè li. Poutan, gen anpil bagay ki ka touye l, men se li yo rekonèt kòm wa nan mitan bèt yo.

33 Li di: "Lè lyon an gwonde, ki moun ki p ap gen kè kase?" Li di: "Kifè Bondye pale, ki moun ki p ap pwofetize?"

34 E se sa k fè, mwen kwè, kondisyon yo rankontre defi sa a ankò jodi a. Bondye pale. Ou wè? E nou wè ekriti ki ekri ak men sou miray la, alò se trè fasil pou pwofetize epi pou wè ke nou nan fen tan an.

35 E nou wè Bondye, apati de chak gwoup denominasyon yo, sou tout chemen an depi legliz Katolik, pase pran tout legliz pwotestan yo, Boudis yo ak ki sa anplis, depi peyi Lend, ak nenpòt ki sa an plis. L ap rele pèp Li a ansanm, pou rasanble yo ansanm. E mwen—mwen trè kontan pou sa, pou m wè jou sa rive. Kounye a nou . . . Se—se yon gran jou, youn nan pi gran privilèj yo.

36 Sa, si mwen te dwe, si mwen ta konnen anvan te gen yon monn, lè nou te nanm ki fè pati de Bondye, se sa nou ye, paske nou te avè L anvan fondasyon monn lan. Paske, genyen yon sèl fòm Lavi Etènèl, e se Bondye. E nou se yon pati de Li. Nou pa t si tèlman konnen e—e te ka panse, e nou te gen yon èt; men nou te sa nou te ye a nan panse Li yo, anvan fondasyon monn lan. Paske, nou se yon pati de Li, tankou jan pitit gason m lan se yon pati de mwen, e mwen se yon pati de papa m, e latriye. Nou se pitit gason ak pitit fi Bondye, pa presyans Li.

37 E tounen an aryè laba a, si mwen te ka konnen jan mwen konnen kounye a, e si mwen te ka gade dewoulman tout tan an nèt, epi Li ta di m: "Nan ki tan ou ta renmen viv?" M t ap di nan tan sa a kounye a menm, jis lavèy fen istwa monn lan—lan, ak avènman Wayòm Bondye a ki pral etabli sou latè. Mwen panse se tan ki pi glorye pami tout aj yo, se kounye a menm.

38 Nou wè isit la ke pwofèt la te akize Izrayèl, lè Bondye te òdone l epi Li te voye l, Li te akize yo pou de peche majè. E nou vle pale sou de bagay sa yo ke yo te fè a. E, apati de sa, nou vle avanse avè l. Bon, yo te vire do bay Bondye, Fontèn dlo vivan an, e yo te fè rezèvwa yo yomenm. Yo te vire do bay bagay Bondye te fè

pou yo a, e yo te fè yomenm yon bagay ke yo te fabrike yomenm. E rezèvwa sa yo, remake, li te, yo te fann e yo t ap koule.

39 Bon, yon rezèvwa ki fann pa ka kenbe dlo. L ap koule. Mwen grandi sou yon fèm, e mwen konnen ki sa yon vye rezèvwa ye, ak difikilte nou genyen avèk li.

40 E rezèvwa sa a k ap koule a se yon—yon trè bon pòtrè, mwen panse, de jodi a, paske lè (nou) tout bagay nou eseye fè, pou nou rasanble lòm ansanm, rasanble moun yo ansanm, rasanble legliz yo ansanm, sa te toujou vini de tantativ ki lye ak domèn entelektyèl. Nou eseye fè tout Metodis vini Batis, e vis vèsa, e diferan denominasyon yo. E se pa t pwogram Bondye, pou kòmanse.

41 Bondye genyen yon sèl plas pou fè rankont. Li di sa laba a nan Liv Egzòd la, ke: "Mwen chwazi plas la pou m mete Non Mwen, e se sèl nan plas sa a ke M ap rankontre pèp la." E Li te chwazi yon plas pou mete Non Li. E kote Li mete Non Li, se la Li rankontre Izrayèl. Li gen yon plas pou Li rankontre legliz Li jodi a, e Li te chwazi Non sa, e Non sa se Jezikri. E se la Li rankontre vrè kwayan an, lè li nan Jezikri. Se la Bondye te chwazi pou mete Non Li.

Ou di: "Non Bondye?"

42 Li di: "Mwen vini nan Non Papa M." Alò se la Bondye te mete Non Li, se te nan Kris. E nan Kris se la nou tout ka rankontre anba San ki te vèse a, e la gen yon reyèl, vrè fratènite.

43 Bondye te fè pwogram Li depi nan kòmansman, nan jaden Eden lan, la nan plas Li ta gen pou rankontre lòm, e se pa t sou baz konpreyansyon entelektyèl; si se te sa, Èv te egzakteman an liy avèk pwogram Li. Men nou konnen ke li te aksepte konsepsyon entelektyèl Satan: "Sètènman, Bondye p ap fè sa," men Bondye te di ke L ap fè l! Epi alò Li te chwazi plas pou redanmsyon an, e se te avèk San an, e pa avèk yon konsepsyon entelektyèl.

44 Alò nou jis ap bat van, men se jis nan nati imen an ke—ke moun yo ap eseye fè sa. Si nou te gen tan, nou ta ka brize l nan anpil moso, men mwen pa vle bouton sa a. Alò n ap jis eseye rann li osi senp ke posib, "rezèvwa k ap koule." E nou wè ke sa—sa rive ankò absoliman, se yon pòtrè menm de laj pa nou an kote n ap viv la, pami tout sa nou eseye.

45 E san meprize tout efò chak sèvitè Bondye, ki menm site Non Jezikri. Li ta dwe onore menm pou jis paske l ap site Non Li ak reverans epi respè. E gran sistèm evanjelik yo k ap travèse latè, e latriye, nan dènye jou sa yo, mwen panse, malgre sa nou p ap janm kapab fè moun yo vini yon sèl kè toutotan nou pa mennen yo anba San Jezikri. Sa se sèl plas kote n ap toujou an sekirite.

46 Yon moun te rele m sa pa fè lontan, soti nan Lès, epi li di: "Frè Branham, mwen tande ke ou te demenaje ale nan—nan Arizona,

e ou te etabli yon—yon plas la a kote ki gen sekirite." E kòm ou konnen ki jan Mesaj la te vini, e Seyè a te di m ki sa ki ta gen pou rive nan Alaska, e ki jan jouk anba nan Kalifòni li t ap ye, e sa te jis pase konsa. Yo di: "Bon, si sa pran sekwe, ak tout bagay, kote zòn sekirite a ye?"

47 Mwen di: "Gen yon sèl zòn sekirite ke mwen konnen. Se nan Kris. Paske sila yo ki nan Kris, pral . . . " Se sèl sa mwen konnen.

48 Bon, yo te rele Jeremi, tou, "pwofèt k ap kriye a." E paske, mwen kwè, sa ki fè pwofèt la t ap kriye—kriye a, pito, se te paske li antan ke pwofèt (e Pawòl Seyè a vin jwenn moun sa yo) e li te wè moun yo ap mache dapre tradisyon yo, e yo te panse yo te kòrèk, e pa t gen mwayen ditou pou detounen yo de sa.

49 Paske, yo t ap dirije yo tou drèt an egzil, paske nou konnen ke ou rekòlte sa ou seme, pe enpòt ki moun ou ye, ki sa ou ye. E nou menm antan ke nasyon nou rekòlte, oswa, seme, pito, e nou dwe rekòlte. M ap pale demen, si Seyè a vle, nan apremidi, sou *Doulè Akouchman*; e mwen—e mwen touche sa la a, paske nou pa ka evite anyen. Nou dwe rekòlte sa nou seme.

50 E si Bondye ta kite nou echape avèk Krisyanis pèvèti nou an jodi a, e n ap pèvèti moun nan bagay sa yo swadizan rele Krisyanis la, jan Frè Moore te di yon fwa: "Li ta dwe moralman oblije resisite Sodòm ak Gomò, epi mande yo ekskiz poutèt Li te boule yo." Se kòrèk, paske Bondye toujou jis. E kote ki gen injistis; se—se nòmal dapre Sentete Li ak Pawòl Li ke Li fè moun yo rekòlte sa yo seme, e n ap gen pou n fè sa.

51 Bon remake ke yo te vire do ba Li, Fontèn dlo vivan yo, epi yo fè rezèvwa pa yo yomenm.

52 Bon ka gen yon moun isi a la ki ka pa konprann ki sa yon rezèvwa ye. Yon rezèvwa se yon tank ke men moun fabrike k ap eseye pran plas yon pui. Se yon bagay ke yon moun fouye. E konbyen moun ki konnen ki sa yon rezèvwa ye? Byen. Dakò, gen anpil peyizan isi a la maten an. Alò yo . . . Mwen sonje vye rezèvwa ki te nan plas la laba a, jan l te ye a, e mwen te toujou pè bwè ladann. Se te yon—yon tank men moun fabrike. E ou pa t janm ka konte sou li. Nou pa ka konte sou yon rezèvwa.

53 Bon nenpòt bagay lòm fè òdinèman pa janm trè bon. Men jis tankou jan Seyè a—a fikse tan an nan—nan—nan sik li, e tè a ap tounen; chak ane, chak fwa li travèse, chak jou, chak lè, e solèy la k ap kouche, e sa pa janm fayi. Men menm meyè mont nou ka jwenn yo, y ap manke anpil minit nan espas yon mwa, san dout. Men, ou wè, tout sa Bondye fè li pafè, e sa lòm fè li enpafè. Alò poukisa pou w aksepte sa lòm fè, alòske ou ka genyen sa k pafè a?

54 Mwen toujou di sa sou nou moun Pannkotis yo. Ou wè, nou konnen, e nou pa—nou pa soti natirèlman an deyò lòd Bondye a, nou pa kwè sa; men nou konnen tou ke nan mitan nou gen moun k ap eseye imite lòt tip la. Sa se jis imen. Y ap eseye fè sa. Yo te fè

l nan Bib la: "Youn, 'mwen pou Pòl,' 'mwen pou Silas,'" e latriye. Men y ap—y ap eseye imite sa yon lòt moun te fè oswa ap fè.

55 Men poukisa ou vle aksepte yon fo imitasyon, alòske syèl la ranpli ak bagay otantik la, alòske "pwomès la se pou nou ak pitit nou yo"? Poukisa pou n ta aksepte yon bagay ki diferan? Poukisa pou n ta pran yon kredo oswa yon dògm, alòske Bib la se Pawòl Bondye a ki pa kontamine? Poukisa pou n ta eseye ajoute oswa wete, alòske Seyè Jezi a di nan Revelasyon 22:18: "Si yon moun wete yon sèl Pawòl nan Li, oswa ajoute yon sèl pawòl nan Li, pati ki pou li a va wete nan Liv Lavi a"?

56 Lè Bondye mete ras lèzòm pou premye fwa nan . . . sou latè, Li di yo pou yo viv de Pawòl Li. Bon Pawòl Bondye a se tankou yon chèn, w ap travèse anlè lanfè avè L; e meyè kote nan chèn lan se kote mayon ki pi fèb la, e Bondye vle ke nou kenbe chak Pawòl ladan L. Bon sa se te premye fwa nan Bib la; jis brize yon sèl Pawòl, te plonje ras imen an nan tenèb lanmò.

57 Jezi te vini nan mitan Bib la, e Li te di ke "Lòm pa dwe viv de pen sèlman, men de tout Pawòl la." Pa yon pati nan Pawòl yo, oswa katrevendiznèf pousan; men tout Pawòl la, jis jan Èv ak Adan te ye a.

58 E nan dènye pati nan Bib la, Revelasyon 22:18, Li di ke "Si yon moun wete yon sèl Pawòl nan Sa, oswa ajoute yon sèl pawòl nan Li!"

59 Alò poukisa nou bezwen enjekte Ladann ide pa yon moun sou bagay sa yo, alòske sa se Pwòp Ide pa Bondye sou sa? Nou vle pran sa Li di. Epi li ekri tou: "Ke tout pawòl lòm ka konsidere tankou yon manti, epi pa M pou Verite."

60 Men sa ki te pase avèk pwofèt sa a. Nan epòk Jeremi, li te yon pwofèt, li te genyen Pawòl Seyè a. Epi tip sa a t ap eseye enjekte yon bagay ladan L. Bon, nou pa ka konte sou sa. E m ap konpare tank sa yo kounye a ak sistèm sa yo ke n ap eseye pran an, e pou ranplase Pawòl orijinèl Bondye a.

61 Paske, anyen pa ka ranplase Li. Li se Bondye. "Nan kòmansman an se te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la se te Bondye. E Pawòl la te fè l chè epi li te abite nan mitan nou." E Ebre 13:8, li di: "Li se menm moun lan ayè, jodi a, ak pou tout tan." Kòman nou ka debarase nou de Sa? Sa dwe Laverite. Li demere menm moun lan. Li se menm moun lan nan chak prensip.

62 Se pou rezon sa a n ap pwofite de Li, noumenm Batis ak Metodis, epi Katolik ak Presbiteryen, e latriye, n ap pwofite de Prezans sa a. Yon kote, nan ou, ou te aksepte Bondye. Petèt yon fwa yon manyè entelektyèl, petèt ke ou konn santi Pwisans Bondye, epi ou se yon sèvitè Bondye; men lè w ka reyèlman vin antre nan Bondye, e rekonèt plas ou nan Li, kòm yon pitit gason oswa yon pitit fi Bondye, se sa ki pote kokenn jwa sa a pou ou, ke Bondye vle w genyen.

63 Bon remake nan Sen Mak, chapit 16 la, Jezi pa t di: "Ale toupatou nan lemonn, e—e—e anseye." Li di: "Ale preche Levanjil." Preche Levanjil, se, demontre Pwisans Sentespri a! "Ale toupatou nan lemonn, e demontre Pwisans Sentespri a."

64 Mwen t ap pale avèk yon frè, youn nan moun yo ki patwone . . . reyinyon m yo nan peyi Lend, laba a nan Bonbe, nan Afrik di Sid ak diferan plas, kote misyonè yo te anseye L kòm yon mo oswa kòm yon konsepsyon entelektyèl. Men yon jou pandan reyinyon an, lè Sentespri a te desann, Limenm, e li te sove trant mil natif natal nan yon sèl apèl a lotèl, e egzakteman sou menm teren kote yo te kanpe a. Fanm yo ki te kanpe la a, ki te prèske toutouni menm jan lè yo te vin nan lemonn, e nan minit menm ke yo te leve men yo pou yo aksepte Kris . . .

65 E Sentespri a te tonbe nan plas la e Li te geri vennsenk mil moun alafwa, moun ki te sou chèz woulant, sou sivyè ak branka yo. Majistra vil la, nan demen, te fè m wè yon pakèt kamyon chaje ak bagay sa yo ki t ap pase nan lari a.

66 Te gen fanm sa yo ki te kanpe la a, toutouni, san yo pa t konnen ke yo te toutouni. Men osito ke Sentespri a te touche yo, yo te kwaze bra yo pou yo elwaye yo de prezans mesye pa yo.

67 E m ap mande m kòman sa fè ke nou nan Etazini nou rele tèt nou yon nasyon Kretyèn, e nou nan Prezans Bondye; e chak ane nou, fanm nou yo, ap dezabiye yo pi plis. E nou ta dwe abiye nou pi plis. E plis nou abiye nou avèk Kris, plis n ap konsyan de pwòp kondisyon nou yo. Pafwa mwen wè kòman moun yo ap aji nan lari a, m ap mande m si se jis egzakteman yon pwoblèm mantal. Sanble ke yo pa reyalize ke lè yo fè sa, ki sa y ap fè, y ap fè tèt yo vin yon apa pou dyab la, e pou voye nanm nan lanfè. Se vre. Men lemonn nan yon koripsyon menm jan li te ye nan epòk Jeremi a.

68 Kounye a annou retounen sou rezèvwa a. Bon, rezèvwa sa a nou pa ka konte sou li paske li pa ka ranpli tèt li. E li dwe depann de lapli yo ki tonbe nan lokalite a pou l ranpli, lapli lokalite a oswa revèy yo nan lokalite a, pou l ka genyen yon ti revèy pa *isi* e yon ti revèy pa *la*, oswa apeprè, pou l ka ranpli. Alò nou pa ka konte sou li. Li pa ka ranpli tèt li. Li pa sifi, a limenm. Li pa ka fè l. E li dwe depann de lapli yo, pou ranpli l.

69 Alò annou wè ki kote li—li jwenn lapli li, ki kote li jwenn dlo li, rezèvwa a. Li soti anlè tèt granj yo, anga yo, kote tout salte ak pousyè vin tonbe, se lapli a ki lave tout salte sa yo, epi li vin jete dirèkteman nan rezèvwa a, yon tank ki fèt ak men moun. Li vin prèske tankou yon latrin. E li lave anlè tèt granj yo kote tout bèt yo, odè ki soti nan baskou yo, e latriye, epi li rete la. E lè a soufle pousyè a—a ak bagay ki soti nan granj lan, epi lapli ki tonbe nan lokalite a vini epi li fè tout koule, lapli a, dirèkteman.

70 Epi se men yon nonm ki pote dlo a atravè yon bèk tiyo ki fèt ak men moun, nan yon tank ki fèt ak men moun. Epi lè li rive la

a, li sal, si tèlman sal ke ou dwe mete yon tòchon kòm paswa sou li, sinon ou p ap ka bwè li. Bon, ou wè, li koule sou twati a, atravè men yon moun, yon bèk tiyo ki fèt ak men moun, nan yon tank ki fèt ak men moun. Epi se avèk yon paswa ki fèt ak men moun anlè tèt li, pou wè ke gen kèk ensèk ak lòt bagay ki rete.

71 Bon, kounye a nou remake, nan bagay sa yo, kèk jou apre dlo a fin chita la a, nan denomina-. . ., oswa, tank ki fèt ak men moun lan. Ekskize m. Ekskize m. Dakò. Apre li—apre li fin koule, ak tout kalite teyoloji ak bagay ki benyen ladann; kounye a nou vin dekouvri, lè li fin chita la a kèk jou, li vin fè marekaj.

72 E nenpòt moun konnen, nan istwa legliz, lè Bondye voye yon bagay, yon mesaj, e li soti frèch devan Bondye, epi apre lavi fondatè sa a (oswa nenpòt sa li ye a, nou rele li refòmatè, oswa nenpòt sa nou vle di sou li a), lè li fin mouri, kifè yo mete yon sistèm an plas epi yo fè yon òganizasyon. E osito ke yo fè yon òganizasyon avèk sa, li mouri la a menm. Li pa janm leve ankò. Sa te konn fèt tout tan, refèt, sou refèt menm jan an.

73 Pa respè pou prèt Katolik sa a ki chita isi a la; lè Bondye te òganize legliz. . . oswa, pa òganize l, Bondye pa janm òganize yon legliz. Li pa melanje nan jan de zafè sa yo. L ap okipe de nesans, pa òganizasyon. Alò, lè Bondye te kòmanse legliz nan Jou Pannkot la. Epi finalman nan Nise, Wòm, yo te òganize l, e men kote li pèdi Pwisans li.

74 Answit nou rive desann jouk nan refòm Literyèn lan, e se te yon gran bagay. Pawòl Bondye a te bay: "Jis la gen pou l viv pa lafwa." E lè yo te fini, olye pou yo rasanble, tout ansanm, yo tout nèt ansanm epi mache devan, yo fòme yon legliz Literyèn, yo separe tèt yo de gwoup sa a, epi li mouri.

75 Answit Bondye sisite John Wesley, avèk sanktifikasyon, mesaj dezyèm zèv nan lagras la, e se te yon bagay mèveye. Men apre Wesley ak Asbury, yo te òganize l, li mouri.

76 Answit Pannkotis yo vini avèk restorasyon don yo. Yo t a prale byen, ki sa k pase? Yo te òganize l epi li te mouri. Se senpleman egzak.

77 Kounye a nan mitan tout bagay sa a, Bondye ap rele ankò yon rès soti nan mitan chak generasyon sa yo. Se sa L ap fè sètènman. E se tan pa nou pou nou soti, pou nou rasanble ansanm. E se sa mwen panse, Mesye Zafè Plen Levanjil yo jwe yon gran wòl nan sa k konsène mi sa yo ki tonbe a, epi lè yo di: "Pa gen diferans nan nou. Annou rasanble ansanm e adore Bondye anba yon sèl prensip, pa anba yon òganizasyon." Si se te yon òganizasyon, mwen t ap desann sou estrad sa a touswit. Mwen pa gen anyen pou m fè ak sa.

78 Ki sa sa ye, li dwe yon kominyon, e pa yon kominyon avèk kèk kredo, men kominyon nan Kris la, ak pwisans rezirèksyon Li. Se bagay sa a ki pote Lavi, li pote nesans.

79 E anvan nesans kapab vini, nou realize ke dwe genyen lanmò anvan nesans. E yon nesans se yon dega, pe enpòt jan de nesans li ye a. Si l fèt nan yon pak kochon, oswa—oswa kote li ye a, se yon dega. E se konsa li ye pou nouvèl Nesans lan, li fè ou fè bagay ke dabitid ou pa t ap panse ke ou ta fè. Men lè w prè pou w mouri a oumenm, alò ou ne de nouvo, yon nouvèl kreyati nan Kris Jezi, alò bagay yo, yo louvri e lavi vin gen yon nouvo sans pou ou, paske ou aksepte Pèson Jezikri a, e pa kèk teyori oswa kèk kredo.

80 Oubyen, menm Pawòl ekri a, Li dwe vivifye avèk Sentespri a. Pe enpòt kantite teyoloji ou genyen, li lonje la a tou mouri. Mwen te ka genyen yon ponyen ble; toutotan li pa antre nan faz kote li ka vivifye, ble a p ap janm viv. E ou ka gen yon doktora, nan Filozofi, nan Dwa, nenpòt sa ou swete a; men toutotan Sentespri a pa vin sou sa pou vivifye l ba ou, kòm yon eksperyans pèsonèl avèk Bondye, alò ble a pa itil anyen. Aprantisaj ou a initil.

81 Kòm Anglè sa a te di lòt jou swa a isit la, mwen te sezi pou sa. Tout aprantisaj li te genyen an, tankou Pòl, li te dwe bliye tout sa li te konnen, pou l te ka jwenn Kris, li te fè bagay li te panse li pa t ap fè.

82 Men se fason sa a Bondye aji, Li imilye nou nan sistèm edikasyon nou an. Se pa paske m ap eseye sipòte inyorans, men m ap eseye di nou diferans lan. Edikasyon pa janm ka pote Lavi. Sa pran Lespri Bondye a pou pote Lavi, e Lavi sa a pa dwe soti jis nan yon revèy entelektyèl. Li dwe soti nan Bib la, yon revèy Pawòl, e Pawòl sa a se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. E lè Li tonbe jodi a, epi vivifye, ou jwenn menm rezilta yo nou te fè nan Ak 2. Egzakteman. Li te toujou konsa, e l ap toujou konsa, paske se Lespri Bondye a ki kreye atmosfè a.

83 Sa pran yon atmosfè pou fè bagay sa yo. Se pou rezon sa a ke noumenm mesye yo yo toujou anseye nou: "Pote pitit nou yo isit la." Ebyen, sètènman se vre. Mwen te kontan wè pitit fi mwen an, Rebekah, antre epi chita, jis kèk minit de sa. Gen kèk nan nou ki te wè mwen fè yon ti je dou a yon fanm, se te pitit fi mwen an, alò li antre epi li chita. Mwen vle ke li resevwa batèm Sentespri a, e se poutèt sa li isit la nan reyinyon an. Se nan bi sa a. Sa pran yon atmosfè.

84 Kòm vye Doktè Bosworth te konn abitye di: "Ou ka pran yon ze poul epi ou mete l anba yon ti chyen, l ap kale yon poul." Poukisa? Paske se yon ze epi li jwenn bon atmosfè a.

85 Pe enpòt ke w se yon Metodis, Batis, Presbyteryen; nan yon atmosfè kòm sa dwa, l ap kale soti yon timoun ki fenk fèt nan Bondye. Se atmosfè a ki fè l, kèlkeswa etikèt demominasyonèl ke ou genyen an.

86 Mwen te konn abitye rasanble betay. Mwen te konn wè enspektè a lè nou te konn mennen yo nan forè a, an deyò—an deyò tè kote yo konn desann al manje nan ranch yo, e li lage yo nan forè a. Li te kanpe la epi li t ap gade jan yo t ap pase nan

pòtay la, pou yo travèse kloti a. Li pa t janm bay anpil atansyon ak mak yo, paske te gen tout kalite mak ki te konn pase la a. Men gen yon sèl bagay li te remake, etikèt san an. Li te dwe yon san pi Hereford sinon li pa t ap kapab ale nan forè sa a, paske se Asosyasyon Hereford la ki t ap angrese forè sa a. Li te dwe gen yon etikèt san, pou l konsève ras la.

87 E mwen panse ke se konsa li pral ye nan Jou Jijman an. Li pa pral mande mwen si mwen te Metodis, Batis, Pannkotis, oswa Presbyteryen, men Li pral chache etikèt San an. "Lè M a wè San an M ap pase anlè nou." Se bagay la sa.

88 Alò nou jwenn ke rezèvwa sa yo, apre yo fin chita pandan yon ti tan, yo dwe. . . yo vin fè marekaj epi yo pa bon. E li vin tounen lè sa a, tou, li vin tounen kay krapo ak leza yo ak koulèv yo ak ensèk yo ak mikwòb yo, ak ki sa ankò, paske li nan yon kondisyon marekaj ki avanse nan li. Èske ou ta ka imajine, w ap lave twa yon etab, oswa twa yon kay ki pwòch etab la, oswa nenpòt kote ki ta gen pousyè, ki kalite ensèk ak mikwòb, ak tout bagay, ki t ap koule nan rezèvwa sa a?

89 Bon, sa se yon egzanp pafè de nenpòt ki kalite sistèm ki fèt ak men moun. Se yon echèk, pou kòmanse. Se rezon ki fè li bezwen yon Sovè. Li pa t kapab sove tèt li, li pa ka fè anyen pou sa. Li pèdi, pou kòmanse. Li ne nan mond lan, pechè, li vini nan mond lan tou ap bay manti. Li se yon mantè, pou kòmanse, alò ki jan nan mond lan li ta ka fè yon bagay pou tèt li? Kòman yon moun ki sen te ka fè l?

90 Pa gen okenn moun ki sen. Pa gen okenn legliz ki sen. Se yon Sentespri! Pa yon legliz ki sen, yon pèp ki sen; se yon Sentespri nan mitan yon pèp, se sa li ye. Amèn. Se pa yon mòn ki sen kote Pyè ak yo te kanpe; mòn lan pa t sen. Men se Bondye ki sen an, sou mòn lan, ki te fè li sen. Pa yon moun ki sen; se Sentespri a ki itilize nan moun sa a, se sa ki fè li sen. Pa moun lan; men Pèsonaj Sentespri a! Se pa moun lan; paske, li se jis yon moun, "ki fèt nan peche, ki fòme nan inikite, ki vini nan mond lan tou ap bay manti."

91 Nenpòt sistèm ki fèt ak men moun ap kenbe l ladann dirèkteman. L ap rann entelektyèl la avèg, je entelektyèl yo, paske yo panse: "Mwen fè pati legliz, non mwen sou liv la. Mwen te fè *si*. Papa m te *si*, e latriye." Sa sonnen trè byen; ki, se sa, mwen pa ka di anyen kont sa. Men ankò, zanmi, Jezi di: "Si yon nonm pa fèt yon dezyèm fwa, li pa ka menm wè," *ou wè*, la a, sa pa vle di ke li wè ak je l, men: "*konprann* Wayòm Syèl la." Jiskaske ou fèt ladann!

92 Ki jan evanjelis Batis sa a, ki jan nonm sa a ki te kanpe la a epi ki t ap kritike e moke li de Sa? Ou wè, pa gen anyen nan li ki ta ka menm resevwa Sa; men se Bondye ki te dwe fè l, ou wè. Bondye te ba li Sentespri a. Li te manifeste ke sa se pa t ipokrizi, sa se Pawòl la. Li sèlman tande l soti nan yon lekòl de panse, e

yo eseye pran tout benediksyon Bondye yo epi mete yo nan yon epòk pase.

93 Yon jèn predikatè Batis, isit la sa pa gen lontan, ki chita prezan isit la a maten an; e li te vin jwenn mwen, epi li di: "Frè Branham, gen yon sèl bagay ke w ap fè ki mal."

Mwen di: "Ede m."

94 Epi li di: "Ou se, mwen panse ke ou sensè e ou se yon bon moun, men . . . "

Mwen di: "Mèsi, mesye."

Li di: "Men, gen yon sèl bagay w ap fè ki mal."

Mwen di: "Mwen espere ke Seyè a jis jwenn yon sèl bagay ki mal."

95 Epi li di: "Oke, genyen . . . Men sa w ap fè ki mal." Li di: "W ap eseye prezante bay mond lan yon ministè apostolik, e," li di, "ministè apostolik la sispann avèk apòt yo."

96 Mwen di: "Kòm yon Batis k ap pale ak yon Batis, mwen ta renmen poze w yon kesyon."

Li di: "Ki sa?"

97 Mwen di: "Èske ou kwè Pawòl Bondye a enspire, tout pati Ladann nèt?"

Li di: "Men, sètènman."

98 Mwen di: "Epi, Li di: 'Pa ajoute yon mo, ni pa retire Yon sèl.' Paske," mwen di alò, "mwen pral montre w ki kote Benediksyon apostolik la te vini sou pèp la, pa yon pwomès Bondye, kounye a montre m pwomès Bondye a e kilè li te kite pèp la. Ou wè, si ou pa kapab pwodwi sa nan Pawòl la, kifè—kifè bliye sa, ou wè," mwen di, "paske Li toujou ap kontinye."

99 Li pa t janm di anyen pandan kèk minit. E alò mwen di: "Ebyen, alò, frè, mwen ta renmen mande ou sa. Pyè te entwodui mesaj apostolik la, nan Jou Pannkòt la. E nou tout konnen ke se vre, paske li te gen kle yo pou Wayòm lan, ke Jezi te ba li. Epi kounye a gade sa li te di. Li di: 'Repanti, chak grenn nan nou, epi vin pran batèm nou nan Non Jezikri pou peche nou yo padonnen, epi n a resevwa kado Sentespri a. Paske pwomès la fèt pou nou, pou pitit nou yo, e pou tout moun ki byen lwen, kèlkeswa valè ke Seyè Bondye nou an va rele vin jwenn li.' Kifè, si gen yon plas kote Li te retire l, alò ki sa ki te rive pawòl Pyè a nan Jou Pannkòt la?" Ou wè? Non, li pa janm sispann!

Sovè m, San Ou ki te koule
P ap janm pèdi Pwisans,
Jouk lè ke tout Legliz Bondye
Rejwi nan delivrans.

Lè lang pa mwen va fin pale,
E kò mwen nan tonbo,
Lwanj Jezi m a va chante
Ak rachte yo anwo.

100 Ke Bondye ede m kwè Sa epi kenbe Li, epi nou tout, epi kanpe bò kote Li, paske Se Verite Levanjil la! Wi, mesye.

101 Yon nonm saj pa ta janm dwe gade bagay sa yo. E li konnen ke yo p ap mache. Yo pa janm mache. Yon relijyon òganize ak yon eksperyans òganize p ap janm mache nan Prezans Bondye. Li dwe vini, san kontamine, soti nan Bondye. Bondye pa janm itilize l, pa gen yon fwa nan tan lontan kote Bondye janm itilize yon sistèm konsa. Kounye a nou, o, nou gen manm ak bagay sa yo konsa. Men, mwen vle di ke semans otantik Bondye a, Benediksyon tankou li a tonbe nan Jou Pannkòt la, li pa janm vini pa yon òganizasyon; li vini pa yon nesans, pou fèt yon dezyèm fwa.

102 Nou envite pou pran Izrayèl pou—pou egzanp, ke yo te ye a. Remake: "Yo te abandone Li, fontèn pa yo a, epi yo te fè pou tèt pa yo rezèvwa." Èske ou ka imajine yon—yon—yon—yon bagay, lè yon nonm nan yon pwi atezyen, ap bwè, epi lèfini li vle fè yon rezèvwa pou tèt li, ou wè, pou bwè nan li? Bon se sa pwofèt la di, se sa Pawòl Bondye a di. Se sa Bondye te di pwofèt la. "Nou vire do ban Mwen e—e nou kite M, Fontèn dlo vivan yo; epi nou fè pou tèt nou rezèvwa, ki fann, e k ap koule."

103 Ou wè, yon bagay, yo te vle yon bagay ke yo te ka kontwole, oswa pou yo montre sa yo te fè. Se sa—se sa foli relijyon òganize a. Li toujou ap eseye, yo dwe gen yon bagay nan li pou tèt pa yo. Yo dwe genyen tout sistèm sa yo ak sosyete sa yo, ak bagay sa yo, "Epi mwen fè pati de *sa* kounye a." Olye pou yo jis timoun enb Bondye, yo vle yon bagay pou yo ka montre tèt pa yo. Olye pou yo kite Bondye fè l fason pa Li, yo te vle fè l fason pa yo. E se konsa sistèm yo kenbe legliz yo jodi a. Pa . . . Chak sistèm, youn vle li fason *sila* a, youn vle li fason *sa* a. Si ou se yon Metodis, ou dwe fason *sila* a. Yon Batis, fason *sila* a. Yon Presbyteryen, Katolik, kèlkeswa sa li ye a anplis, yo genyen sistèm pa yo. Mwen pa gen anyen kont sa, men se pa de sa m ap pale.

104 Lòm vle fè l fason pa l, e Bondye genyen fason pa L pou fè l. E Li di: "Nou kenbe pwòp fason nou, yon rezèvwa ki fann; epi nou pa vle aksepte fason pa M lan, fason ki bay Lavi a."

105 Epi se menm bagay la jan li ye jodi a. Li jis pa varye yon ti kras. Reflechi sou ki jan yon nonm ka fou pou l kite yon pwi atezyen ak yon dlo pwòp e klè k ap bouyonnen, epi li vle ale nan yon rezèvwa ki fann ke li te fè pou tèt li, e li fouye yon rezèvwa pou tèt li, ak fatra ki sou tèt baskou a k ap koule nan li, epi li bwè ladann. Gen sètènman yon bagay ki movè mantalman ak moun sa a.

106 E lè yon moun rete kole sou yon—yon konsepsyon eklezyastik de Lekriti, olye pou l aksepte Sentespri a ki konfime Lekriti e ki fè Li reyèl pou ou, gen yon bagay espirityèl ki mal ak moun sa a. Se egzakteman sa. Se sèten, Sentespri a! Chak moun gen yon entèpretasyon de Bib pa yo, sa ou panse ki dwat. Bondye pa bezwen èd ou. Bondye pa bezwen entèpretasyon ou.

107 Bondye Se Entèprèt Pwòp Tèt Li. Bondye fè entèpretasyon an fason Li—fason Li di Li t ap fè l. Seyè a te di nan kòmansman an: "Se pou gen limyè," epi te gen limyè. Sa pa bezwen okenn entèpretasyon. Se sa Bondye te fè. Li te di: "yon vyèj pral ansent," li te ansent. Sa pa bezwen okenn entèpretasyon. Li te di ke li t ap "vide Lespri Li sou tout chè," Li te fè l. Sa pa bezwen okenn entèpretasyon. Bondye entèprete Pwòp Pawòl Li lè Li konfime Li, e manifeste Li, e pwouve Li.

108 Se konsa yon pwofèt te pwouve Bondye te avè l. Li di: "Si gen youn nan mitan nou, ki espirityèl oswa yon pwofèt, Mwen Seyè a pral revele M a limenm nan vizyon, pale avè l nan rèv. E si sa li di a arive fèt, alò gen krentif pou li; men si li pa fèt, pa fè sa."

109 Se menm bagay la lè Bondye pwononse Pawòl Li, e nonm lan di: "Pawòl la se *Sa*," epi li rive konsa, alò se Bondye k ap fè li.

110 Men si li di: "Se fason *sa* a, e jou yo fin ale," men sa pran tout . . . Li arive genyen yon pen pou moun grangou, nan men l, ki pou timoun yo, epi li pran l nan men yo; e y ap mouri grangou. Poukisa ou ta vle bwè nan yon rezèvwa alòske pwi atezyen sa a te la?

111 Ki sa yon fontèn Lavi ye kounye a? Ki sa fontèn Lavi a ye, fontèn Dlo vivan an? Yon pwi atezyen, se ak sa nou ta konpare L.

112 Kounye a mwen vle ou remake diferans ant yon rezèvwa ak yon fontèn dlo vivan; yon pwi atezyen, ak yon vye rezèvwa ki fann deyò a la plen ak ensèk, leza, krapo, mikwòb, ki sa anplis, ou wè.

113 E men yon pwi atezyen. Kounye a gade sa. Li ka sipòte pwòp tèt li. Ou pa oblije jwenn okenn gwo sistèm epi pote anpil lajan ladann. Ou pa oblije jwenn yon pakèt manm pou fè adere. Li sipòte manm li yo, ak Lespri Lavi a ki nan yo, k ap fonksyone.

114 Gade dlo ki soti nan li a, li fre, li pi e li pwòp. Pa yon rezèvwa, yon bagay ki fè marekaj ki te andoktrine pa karant, senkant lide diferan, k ap di: "*Sila* a kòrèk, e *sa* a kòrèk, e konsepsyon *sa* a," e yo vote e yo rele, e kòm yo fè, epi yo fè yon denominasyon soti nan li. Li pi e li pwòp, Pawòl Bondye a ki pa kontamine, ki soti nan men Bondye. Se yon vrè pwi atezyen.

115 Remake, sekrè pwisans li se nan limenm li ye. Lòm pa ka jwenn li. Kèk jan de presyon, ki anba li, ki fè l ap jayi.

116 Mwen sonje epòk lè mwen te gad chas nan leta Indiana, mwen te konn pase, nan Konte Harrison lan, bò yon sèten pwi,

yon sous. Li te toujou ap bouyonnen. E jisteman, o, li te sanble tankou li te bagay ki pi kontan. Ke te gen nèj atè a, glas, ke li te jele, pe enpòt jan li te fè frèt, li te toujou ap bouyonnen; kote vye etan ak tank ki fèt ak men moun, ak krapo ak tout bagay, te jele deyò a laba a, tou solid.

117 E sa montre ke nenpòt denominasyon, pouvi ke Lespri absan jis yon ti kras oswa gen yon ti chanjman nan atmosfè a, l ap jele. Men pwi atezyen Bondye a, Li se—Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, li fè tout bagay ap bouyonnen anndan l epi li pouse yo soti nan li al deyò. E pa gen okenn ladann, pou kòmanse. E nenpòt bagay ki antre anndan l, l ap pouse l soti deyò.

118 Bagay sa t ap bouyonnen konsa, e mwen di, mwen te chita bò la yon jou, mwen te panse: "Mwen kwè mwen pral pale ak sous sa a, jis pou yon moman." Mwen te retire chapo m, epi mwen di: "Ki sa k fè w kontan konsa? Ki sa k fè w ap bouyonnen konsa? Petèt se paske sèf yo bwè dlo nan ou, tanzantan."

Si li te ka pale, li t ap di: "Non."

Mwen di: "Petèt se paske mwen bwè nan ou."

"Non, se pa sa."

119 Mwen di: "Ebyen, ki sa ki fè w si tèlman pi, si tèlman pwòp? Alò ki sa—ki sa k ap bouyonnen konsa, ki fè w ap bouyonnen, plen ak lajwa tout tan, e pa gen anyen ki ka jele w? W ap jayi anlè, e pa gen anyen; dlo pwòp."

120 Si li te ka pale avè m, ou konnen ki sa sous sa ta di? Li ta di: "Frè Branham, se pa mwen k ap bouyonnen, se yon bagay ki dèyè m, k ap fè m bouyonnen." E se konsa sa ye avèk . . . Sa se yon mo medyòk, men ou konnen ki sa mwen vle di.

121 E se konsa li ye ak yon eksperyans nouvèl nesans. Ou pa ka metrize l. Se yon—yon sous dlo ki nan ou, k ap bouyonnen jouk nan Lavi etènèl. Ou wè, gen yon bagay la a, ke ou pa gen anyen pou w fè avè l. Tank ki fèt ak men moun yo ka jele, epi y ap sipliye pou yon revèy ak tout bagay; men yon nonm ki anba Fontèn sa a, k ap viv nan Fontèn sa a, se lajounen kou lannwit! Non, ou pa bezwen rete tann lapli lokal yo ak revèy lokal yo. Ou ranpli avè L. "M ap ba li yon fontèn Lavi, nan li, k ap bouyonnen." Genyen yon bagay nan Li, sa a fre chak jou, pi e pwòp. Se Pawòl Bondye a ki pa kontamine ki nan kè w ak bouch ou, k ap konfime tèt Li, k ap pale pou tèt Li. Mwen pa okipe m si lapli ap tonbe, si nèj ap tonbe, ki kalite tan li fè, ou toujou kontan paske Sentespri a anndan la ap bouyonnen. Se Pwisans kache a. Remake. O, sekrè l la nan li.

122 Li bay tèt li, gratis, pou nenpòt moun ki vle bwè e itilize sibstans li. Bon se pa ou k ap chwazi, pou w di: "Ebyen, kounye a mwen jis gen pou m ale legliz Metodis paske mwen se yon Metodis, pou yon revèy. Mwen gen pou m ale *isit* la, men (si) mwen dwe ale antan ke yon Pannkotis paske mwen se yon

Pannkotis an revèy." M ap di ou, lè ou genyen pwi Dlo sa a k ap jayi, Fontèn sa a, lè w ap bwè ladann, pa gen okenn diferans, ou bay nenpòt bagay ki vini an. Ou vle bay espwa Lavi a yon Katolik, a yon Pwotestan, a yon Jwif, a yon ate, oswa kèlkeswa sa li ye a. Ou se reyèlman, ou reyèlman gen yon Bagay nan ou, k ap fè li.

123 Remake yon lòt bagay sou sa, ou pa bezwen ponpe l. Ou pa bezwen rale l, epi ponpe l. Mwen tèlman wè anpil sou sa jouk li fè m malad, ponpe yon bagay; jwe yon pakèt mizik, epi sote ponpe, oswa—oswa yon gwo pakè literati nan vil la, ak gwo kokenn afich: "Nonm pou tan an."

124 Gen yon sèl Moun pou tan an, e se Jezikri, Ki se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Gen yon sèl Mesaje ki soti nan Bondye, e se—se Jezikri. Wi, mesye.

125 Ou pa bezwen ponpe Sa, oswa rale Li. Oswa, pa, ou pa gen pou w jwenn ou avè L. Jis pran Li, gratis. Amèn. "Mwen se Fontèn Dlo vivan an; ou vire do ban Mwen, pou w ale epi fè kèk tank pou tèt ou." Kounye a ou pa bezwen ponpe Li, ponpe Li, rale Li, epi jwenn ou avè L, fouye Li, anyen lòt. Ou jis bezwen pran nan Li, gratis.

126 Ou pa bezwen okenn teyoloji ki fèt avèk men moun pou yon ranyon ki sèvi kòm paswa, oswa, pou di ou ki sa ki pase nan Li, ki sa Li fè. Okenn. Kèk teyoloji ki te fèt ak men moun ki soti nan kèk sistèm edikasyon, yon relijyon ak yon jistis pèsonèl nan *sa*, nan *sa*, oswa kèk rezèvwa nan yon sistèm relijye; ou pa bezwen li. Li pa bezwen la a. Ou mete yon ranyon sou Sa, Li ta jete l an lè. Li pa gen anyen pou l fè ak li. Li ka sipòte pwòp tèt li! Se Pwisans Bondye k ap jayi jouk nan Lavi. Poukisa yon moun ta kite yon bagay tankou Sa, pou l antre nan yon sistèm, se plis pase sa mwen te kapab di. Li pa bezwen okenn ranyon pou sèvi l paswa. Li pa bezwen li. Li pa bezwen de-. . . li pa bezwen depann sou lapli lokal yo pou ranpli li. Li plen tout tan. Amèn.

127 Yon nonm, mwen tande yo di: "Mwen jis atè nèt jodi a." O la la!

128 O, mwen kontan m ap viv nan Prezans Bondye, ke bagay yo ap mache byen, ke yo pa mache byen. Li se Lavi mwen. Amèn. Li se Lavi nou. Li se Lavi a, Lavi a an abondans. Wi, mesye. Epi—epi gade sa Li fè pou nou. Pwisans Li ak pite Li se nan Limenm li ye. Li pa bezwen okenn amòs ki soti nan rezèvwa a ni okenn lòt sistèm.

129 Yon moun di: "Ebyen, nan ki asosyasyon ou gen kat manm ou? Ann wè si ou se yon bon Batis. Mwen pral wè si ou te gen yon kat." Oswa—oswa, ". . . yon bon Pannkotis. . . si ou se yon Initè. . . Binitè. . . Trinitè." Oswa—oswa ". . . nenpòt sa k gen anplis." Ou wè, Li pa bezwen okenn amòs. Li toujou ap mache. Wi.

130 Ou konnen, mwen te abitye genyen ansyen rezèvwa sa a, mwen te dwe vide dlo ladann epi amòse epi amòse epi amòse, avèk vye ponp sa a k ap souse a, pou fè li soti la a; ou konnen, vide kèk dlo an plis ladann, epi jis fè koule yon pakèt ensèk ak lòt bagay ladann, pou ponpe soti deyò ensèk ak lòt bagay sa yo. Se jis prèske fason sa a kèk nan revèy sistematik sa yo ye.

131 Men, di Bondye mèsi: "Genyen yon Fontèn tou plen ak San, pechè yo ki benyen ladann!" Ou pa fè de yo manm legliz; ou fè de yo Kretyen lè yo vini nan Fontèn sa a.

132 Poukisa nou ta kite Fontèn dlo vivan yo, pou bwè nan jan de latrin tankou sa?

133 Nou pa bezwen ponpe; pwisans Li nan Limenm. Li pa bezwen okenn amòs, wi, mesye, pou (Limenm) Pwòp Vi pa L nan Limenm. Se konsa semans Bondye a ye nan kè yon nonm. Lavi Bondye a nan endividi a, pa nan legliz la. Nan ou, li nan ou, ou se sila ki gen jèm Lavi a nan ou.

134 Jis yon sèl goute nan Li ka konvenk tout kalite manm klèje. Mande prèt Katolik la, mande Batis la, kèlkeswa sa li ye. Jis yon sèl gout nan gwo pwi atezyen dlo fre sa a, m ap di ou, li konvenkan ke Se Laverite. Nanm ou ki grangou, kanmèm, l ap konvenk sa ki swaf la, kanmèm. Bon si ou pa swaf. . . Ti Batis sa a, li pa t swaf, pou kòmanse; men lè li te swaf, dlo a te bon tout bon. Se vre, men ou dwe swaf, "swaf beni an," jan Jezi te rele sa. "Benediksyon pou nou lè nou grangou ak swaf pou lajistis, paske n ap ranpli." Amèn. Jezi te di sa, zanmi. Wi, mesye, Li se yon Fontèn beni pou sa yo ki swaf.

135 Poukisa pou nenpòt moun ta vle chanje Li pou yon marekaj? Kòman ou ta renmen chanje yon pwi atezyen pou yon dlo marekaj, plen ak ensèk ak tout kalite kontaminasyon teyori ki fèt ak men moun, ke Bondye te di ke "Si yon moun ajoute yon sèl bagay nan Pawòl Li, oswa retire yon sèl bagay nan Pawòl Li yo, y ap retire pati pa l la nan Liv Lavi a"?

136 E lè Bondye te pwomèt ke Li ta konfime Pawòl sa a nan chak jenerasyon, "Paske pwomès la se pou nou ak pou pitit nou yo, ak sa yo ki byen lwen, tout sa Seyè Bondye nou an ap rele," poukisa ou ta ponpe nan kèk ponp sistematik ki te kontamine depi anpil ane, ki soti nan kèk vye lamàn? Petèt lamàn lan te kòrèk, pa gen anyen kont li, nan epòk Martin Luther yo, nan epòk *si* epi nan epòk *sa*, ak lòt refòmatè yo, pa gen anyen sou sa; men se lamàn ki te tonbe yon bon bout tan de sa.

137 Si nou remake nan Bib la, yo te oblije ramase l chak jou. Yo te oblije jwenn sa ki nouvo. Apre li te fè yon ti vyeyi, li te pouri. Li pa t ka pouri san li pa t kraze. Li dwe te genyen bakteri ladann, oswa yon bagay pou—pou fè li pouri. Nou konnen se konsa sa ye.

138 E se konsa sistèm yo ye! Apre li fin kouche la a soti nan yon gran revèy pou tonbe nan yon lòt, e li vin kontamine epi li vin

plen ak ensèk, epi tankou yon rezèvwa ki ranpli ak ti vè, menm jan nou abitye rele li, on bann vye ti ensèk k ap sekwe ladann.

139 E se pwoblèm sa ki genyen ak eksperyans anpil moun jodi a. Yo—yo jis ranpli ak ti vè, k ap sekwe youn ak youn, epi youn ak lòt, pou rakonte istwa ki pa gen okenn Verite nan li ditou. Se vre, y ap sekwe youn nan lòt. "Mwen te yon Metodis; mwen te fè m manm nan Batis. Mwen te yon Katolik; mwen te fè m *si*. Mwen te fè m *sa*." Se jis ti vè.

140 O, bliye tout bagay la, epi vini nan Fontèn lan (Amèn!), Pwi atezyen an, Prezans Kris la ki toujou vivan! Mwen kwè ke Li se Fontèn Lavi ki pa ka fini an. Plis ou jwenn nan men L, li vin pi fre, e plis li vin frèt, e se la li vin pi bon, epi li vin pi dous. M ap sèvi L kounye depi trant twa lane, e chak jou k ap pase li toujou pi dous pase jan li te ye anvan an. Mwen pa janm te . . . Li te di ke nou p ap janm swaf si nou bwè nan Dlo sa a. Remake ki jan Li gran. O!

141 Izrayèl la te fè menm jan ak anpil moun jòdi a, yo kite fontèn dlo vivan yo, pou y ale fouye yomenm rezèvwa pa yo.

142 Kounye a antan n ap pale de gras jis pou yon moman, sa gras Bondye a ye. Nou genyen lwa yo ak règleman yo: "E si ou pa mezire selon estanda sa a . . . Mwen genyen yon baton pou mezire relijyon; si ou pa mezire selon estanda sa a, ou dwe, ou pa ka vini ladann," e latriye. Men Bondye sove nou pa gras, pa avèk yon baton pou mezire. Ou wè? Men Bondye, n ap pale de gras kounye a, jis ki jan sa te arive pran plas, alòske n ap bwè nan men L, apati de baton pou mezire sa a . . .

143 Bougonnen, Izrayèl t ap bougonnen. Gade, Li di: "E Mwen pral vizite nou ankò." Remake nan Lekriti a. Remake, Li pral teste yo, vizite yo ankò. Izrayèl ki t ap bougonnen, devan Lanmè Wouj la, li te envite pou li swiv Li nan dlo kontamine peyi Lejip la, pou li vin yon pèp lib. Yo te esklav. Yo te envite yo vini pou yo te vin yon pèp lib, avèk Li. Yo te soti nan Lanmè Mòt la, Lanmè Mòt la; Lanmè Wouj la, pito, yo te soti ladann, pou yo ale nan yon dezè, pou yo pote yon separasyon ant yo ak imitatè yo k ap eseye imite sa, san sikonsizyon.

144 O, se sa ki te lakòz pwoblèm nan. Yo chak te peri drèt nan de- . . . , oswa, drèt—drèt nan lanmè a, Farawon an ak lame l la. Yo te wè èt imen k ap mache ak Pwisans sinatirèl, alò yo te retounen e yo te eseye imite sa, san ke yo pa t enkli nan benediksyon an. Lè yo te fè sa, yo te peri. Se yon konparezon chanèl.

145 Yon nonm ki eseye fè sa, ki eseye imite yon bagay, donk l ap fè yon imitasyon chanèl de yon vrè Kretyen.

146 Frè Endyen mwen an ki la a konnen sa. Vini alantou Bombay epi ou pral wè pèp la la a, Endou yo e latriye, ki poze sou pikèt ak sou . . . k ap mache sou moso vè epi—epi mache nan dife, pou yo montre sa yo ka fè, ak bagay konsa . . . Sa se imitasyon chanèl de yon moun nan forè a laba a, k ap fè sa kòm yon sakrifis pou dye li.

147 Nou jwenn ke pami tout vi relijye, imitasyon chanèl yo, yon moun ap eseye vin tankou lòt la. Gen yon sèl egzanp moun ke nou dwe imite, se tankou Jezikri, Ki te Pawòl la. Epi lè Pawòl Bondye a vin jwenn ou, se pral menm jan an.

148 Men Bondye te kondwi yo drèt nan tè pwomès la, kanmèm. Yo te jwenn, tou, chak tank, lè yo te kòmanse travèse dezè a nan vwayaj yo la menm, apre yo te fin separe, yo te jwenn ke chak tank te sèk, pou yo.

149 E ou pral jwenn menm bagay la, frè, lè ou kòmanse vwayaj sa a nan Peyi pwomès la. W ap jwenn pòt yo fèmen. Tankou jan ti predikatè sa a te di, yon Anglikan, oswa kèlkeswa sa li te ye a, epi, premye bagay ou konnen, legliz li te mete l deyò. Ou wè, toutotan li te gen tèlman de moun ki te resevwa Sentespri a, zafè l te regle.

150 E nou . . . e Izrayèl te wè menm bagay la, kòm egzanp, nan vwayaj yo nan peyi pwomès la. Tout tank dlo yo te sèk. Wi, vwayaj yo nan obeyisans a Pawòl pwomès Li a, vwayaj yo, nan tank dlo yo, yo te jwenn sèk. Bon, yo te wè ke yo pa t kapab depann de tank—tank yo, pou vwayaj la.

151 E si w prale nan yon vwayaj an obeyisans a Pawòl Bondye a, epi w ap eseye jwenn ou a *sesi* epi jwenn ou a *sela*, w ap fini pa wè ke pa gen yon tank nan lemonn k ap sipòte L. Pa ditou. Ou se yon endividi. Bondye kondwi w jis fason Li vle kondwi w. Kifè, nou wè menm bagay la jodi a, e tout tank yo cheche.

152 Men pwomès la, toujou vrè, pou Bondye K ap kenbe pwomès Li pou pèp Li. Li te pwomèt pou konble tout sa ke yo te bezwen, alò Li te fè sa. Nan mitan, tank dlo cheche vid yo, jis panse a li; e Izrayèl ki t ap bougonnen, nan dezè a, nan vwayaj yo! Li te rele sèvitè lidè Li a, pwofèt Moyiz la, sou yon bò, e Li te louvri yon fontèn dlo vivan, pa yon Wòch ki te frape, pou ke pitit Li yo ki kwè yo pa t peri.

153 Nan jou sa a, ki pale de gras, pou mwen. Nou pa merite sa. Fason ke nou fè a, fason ke nou viv la, nou pa merite sa.

154 Men Bondye, jodi a, tankou menm isit la maten an, gade, pou Metodis yo, Batis yo, Presbyteryen yo, Katolik yo, ak tout moun, Li te louvri yon Fontèn. Ebre 13 pwouve sa, ke Li se menm moun lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Alò li—li fè vre, Jan 3:16: "Paske Bondye sitèlman renmen mond lan, ke Li te bay sèl Pitit Li a, pou nenpòt moun ki kwè nan Li pa dwe peri, men gen Lavi etènèl."

155 E li te leve pou de rezon, paske pèp la t ap bougonnen epi yo t ap peche, e koulèv te mòde yo epi yo t ap mouri; e pou padon peche yo, ak gerizon maladi yo.

156 E se menm Fontèn lan ki louvri pou nou jodi a, pou delivre nou epi pou geri nou, gerizon fizik. "Paske Li se menm moun lan ayè, jodi a, ak pou tout tan."

157 E lè Wòch la ki te frape pa Pawòl pwomès Bondye a, te kòmande, Li te fè jayi yon dlo pi e pwòp; ki pa—pa kowonpi, pa kontamine, men Pwòp Prezans Bondye. Yon dlo pi, epi li te sove tout sa ki te bwè. Kounye a nou konnen ke sa se vre, paske nou li li nan Ansyen Testaman an, tankou yon tip.

158 Bon, ou pa t bezwen rale li, ponpe li, jwenn ou a li, ale nan seminè a pou aprann ki jan pou itilize li. Yo pral di ou ki jan pou w itilize l la, ou wè: "O, ebyen, oumenm, si ou resevwa Sentespri a, nou kwè sa, men alò fè—fè li fason *sa* a."

159 Men, ou wè, pa gen okenn kontwòl sou li. Ou pa ka itilize Sentespri a; se Sentespri a ki itilize w, ou wè. Ou wè, ou pa, se pa ou k ap itilize Sentespri a; Sentespri a sezi w. Yon kado se pa yon bagay ou pran, tankou yon kouto, epi pou w taye yon kreyon avè l. Se pou w abandonnen oumenm bay Bondye, epi soti tèt ou nan chemen an pou Sentespri a ka itilize w.

160 Remake, yo pa t janm bezwen ponpe l oswa rale l, oswa yo pa t janm bezwen mande, "Kounye a, kouman nou itilize dlo sa a?" Paske, yo te konnen ki jan pou yo itilize l. Yo te swaf. Yo te konnen kisa pou yo fè avèk li.

161 E se konsa yon gason oswa yon fanm ye, sa, kèlkeswa kredo oswa denominasyon li fè pati a. Si li swaf pou Bondye, li pa oblije kouri tounen nan seminè a, tankou frè Anglikan sa a te fè a, oswa frè Britanik sa a, yè swa a, te dwe retounen epi konsilte kijan, nan legliz Anglikan an, ki jan li dwe itilize gwo don sa a li te resevwa a, pale an lang, e ki jan li dwe fè *sa*. Yo t ap choute l soti deyò, pou kòmanse. Ou wè? Li te swaf, alò Bondye te jis ranpli l. Se tout sa ki gen ladann. Se swaf la, epi Li jis ranpli.

162 Ou pa bezwen gen okenn kontwòl, yon moun di ou ki sa pou w fè ak li. Bondye kondwi chak endividi nan—nan fason ke Li vle ou fè. Ou se yon—yon endividi, oumenm. Ou se yon pati nan Bondye. Pèsonn pa ka pran plas ou. E pa gen okenn fason pou w oblije al jwenn yon moun, epi pou w di kounye a, mwen pral "fè *sesi* avèk li," oswa mwen dwe "fè *sela* avèk li." Non, mesye. Bondye itilize li fason ke—ke Li vle. Lè ou swaf, ou konnen ase pou w bwè.

163 E si w swaf maten an, bwè nan Li, se tout sa ou dwe fè. Bondye pouvwa yon fason pou swaf pa yo, timoun ki swaf yo pou yo patisipe gratis nan Li. E Bondye te pouvwa yon fason pou chak gason ak chak fanm maten an, ki grangou e ki swaf. Petèt gen moun ki chita isit la, ki poko janm sove. Gen moun ki chita isit la ki sou wout pou yo sove.

164 Gen moun isit la, ki chita isit la kòm manm legliz, ou vle fè sa ki dwat, men w ap bwè nan yon tank. Yo p ap janm di ou Verite sa yo.

165 Sèl bagay, pou vini, se pran pwomès Bondye a epi vini nan Fontèn sa a, lè sa a Li pral pasè swaf la. "Moun ki bwè nan Fontèn sa a p ap janm swaf ankò."

166 Gade kounye a kòman—kòman Li te libere moun pa Li—Li yo ki te resevwa dlo sa a, pa gras, e non pa yon sistèm oswa yon rezèvwa edikasyon. Li te konfime Pawòl Li, se yon resous ki bay Lavi. Konbyen moun isit la ki konnen ke ou te resevwa Lavi lè ou te pran Pawòl sa a ak dlo Li, ou jis konnen ke ou te resevwa Lavi? [Kongregasyon an di: "Amèn."—Editè a.]

167 Ann pran, ebyen, pa egzanp, jis yon lòt egzanp, oswa de, epi mwen pral fèmen jis nan yon moman. Mwen—mwen dwe genyen bouton sa a yon kote. Men remake. Mwen jis kontinye ap pale, men se pa sa mwen vle fè. Gade, ann pran pa egzanp, jis yon koup moun.

168 Ann pran fanm lan bò rezèvwa Jakòb la, yon pwi ki te fouye. Men li te chita la a. Se tout sa fanm lan te konnen, se te rezèvwa sa a kote li te vini pou l pran dlo. E bò kote pwi a li te wè, nan yon ti dekò la a, yon Nonm ki te chita apwiye la a, yon Jwif. E li te yon Samaritèn, se nan lavil Sika. E nou wè ke Nonm sa a, Jwif sa a, te pale yon Pawòl etranj ak fanm sa a, Li di: "Pote dlo pou M bwè."

169 Li di bon: "Nou gen segregasyon. Li pa—pa kòrèk pou Ou poze m yon kesyon konsa; Ou se yon Jwif, e mwen se yon Samaritèn."

170 Li di: "Men si ou te konnen ak Kiyès ou t ap pale a, se ou ki ta mande M ba ou bwè, e Mwen t ap ba ou dlo pou w pa bezwen vini nan rezèvwa sa a ankò pou bwè l; se yon dlo k ap bouyonnen nan ou." Remake lè li te wè ke sa te pwouve ke se Laverite!

171 Bon, dabò, nenpòt moun te ka di sa. Men li di: "Ou di ke nou dwe adore nan Jerizalèm, e nou adore sou mòn sa a."

172 Li di: "Sali a soti nan Jwif yo. Nou konnen sa nou kwè. Men," Li di: "kite M di ou yon sèl bagay," nan mo tankou sa a, "se pa ni sou mòn sa a, ni nan Jerizalèm. Paske lè a rive kote moun va adore Bondye nan Lespri epi nan Laverite, paske Papa a ap chèche jan de adoratè sa yo." Li di: "Ale chèche mari w epi vini isit la." Gade, se isit la li pwouve sa. Se isit la li montre nan ki fontèn li te ye. Li di: "Ale chèche mari w epi vin isit la."

Li di: "Mwen pa gen mari."

173 Li di: "Ou di laverite." Ou wè, sa te sanble ke li te an plenn kontradiksyon ak sa Li te mande l la, epi Li di: "Ale chèche mari w."

Li di: "Mwen pa gen mari."

174 Li di: "Ou di laverite." Li di: "Paske ou te genyen senk, e sa w ap viv avèk li kounye a se pa pou ou."

175 Gade fanm sa a, jan li te diferan de prèt yo nan jou sa a! Prèt yo nan jou sa a te wè menm bagay la rive, e yo di: "Sa se yon dyab, yon telepati, oswa—oswa yon Beelzeboub." Ou wè, yo echwe pou yo wè Pawòl la te pwomèt sa.

176 Men ti fanm sa a te pi byen vèse nan Lekriti pase nenpòt nan prèt yo. Li di: "Mesye, mwen wè ke Ou se yon pwofèt. Nou pa t gen youn pandan kat san lane, depi nan Malachi. Men," li di, "nou t ap tann youn, e nou konnen gen Youn ki gen pou vini, Mesi a. E lè Li vini, se sa Li pral fè."

Jezi di: "Se Li Mwen ye." Amèn.

177 Èske ou te remake, li te kite bokit li a bò rezèvwa Jakòb la, li te kouri ale nan vil la; ranpli ak yon pwi atezyen! Li te wè li konfime pafètman, e se Li ki te Fontèn Lavi a. Kite m prezante l ba ou. Li te kite sa; lè Li te pwouve ke se sa ki Pawòl Lavi a. Li te kite li; epi li te dekouvri ke menm Wòch la, ki te frape nan dezè a, te pwouve Li prezan lè sa a.

178 Kite m di, menm Bondye sa a ki te nan jou pase yo, ke nou pale anpil de Li a, Li prezan isi a kounye a; pa avèk kèk konpreyansyon teyolojik, men avèk yon konesans pèsonèl de konfimasyon ke Li t ap devèse Li nan dènye jou sa yo, Sentespri a sou legliz Li a. Li pa yon "Mwen te." Li se toujou "MWEN SE," tan prezan an, toujou.

179 Lè sa a, rezèvwa a pèdi gou li. E se konsa li ye pou chak moun ki janm tonbe nan pwisans Bondye a, pa batèm Sentespri a, sistèm denominasyonèl yo pèdi gou yo. Ou pa bezwen ankò krapo nan marekaj sa yo, ak leza, ak ensèk, e latriye. W ap bwè nan yon Fontèn ki fre e ki pi, Pawòl Bondye a, ki fre chak èdtan nan nanm ou. Menm jan ak kounye a, lè Pawòl la pwouve ke Li se Laverite a, goute pou w wè si se pa vre.

180 Menm si rezèvwa a te sèvi byen, li te sèvi pou tan li byen; men, ou wè, Fontèn Lavi a te la, pa pwi Jakòb la ankò, pou bwè espirityèlman. Sa yo te panse, si yo te bwè nan pwi sa a, donk, li t ap kòrèk; men kounye a Fontèn Lavi a Limenm te chita la a.

181 Kounye a nou pa bezwen sistèm ak òganizasyon ke nou genyen yo. Nou nan fen tan an. E Bondye te pwomèt, nan fen tan sa a, bagay sa yo ke Li t ap fè. E nou wè li akonpli, nan Pawòl la. Nou tande mesye ak pouvwa militè yo, yo leve kanpe, epi y ap tranble, e yo di, yomenm: "Yon bagay pral rive." Nou santi Sentespri a avèti nou ke yon bagay pral rive. Nou wè tout bagay mete nan lòd. Kifè, kite sistèm sa a epi vini nan Fontèn lan. Wi, mesye.

182 Li te fè sèvis li, men kounye a li te fas a fas ak Fontèn lan Limenm.

183 Nan Jan 7:37-38, Jezi te di nan dènye jou fèt tabènak la (ki sa Li te di?): "Si yon moun swaf, li mèt vin jwenn Mwen, epi bwè." Drèt nan mitan yon pakèt teyolojyen! "Si yon moun swaf, li mèt vin jwenn Mwen, epi bwè. Paske Ekriti yo di, anndan l pral koule yon pakèt rivyè Dlo vivan."

184 Men Fontèn vivan an. Sa se Fontèn lan ke pèp la abandone jodi a. Pou kredo a, yo vire do bay Fontèn Dlo vivan an. Kite m prezante w ba Li. Li, pou mwen . . . E m ap tèmine.

185 Pou mwen, Li se Fontèn sa a ki te sove lavi Haga, ak timoun lan, lè yo t ap mouri nan dezè a.

186 Mwen kwè Li se Wòch sa a, nan Ezayi 32, Li se Wòch sa a nan yon tè sèk. Li se abri a nan tan tanpèt la.

187 Zakari 13, Li se Fontèn lan ki louvri nan Kay David la, pou peche. Mwen kwè ke se sa Li ye. Pa ou? [Kongregasyon an di: "Amèn."—Editè a.]

188 Nan Sòm 36:9, Li se fontèn Lavi David la. Li se Dlo trankil David yo, ak patiraj vèt yo. Li se Dlo bò kote wiso a, pou David.

189 Nan Jenèz 17, Li se tete k ap nouri Abraham lan, El Shaddai. Men lè lavi l te fin ale nan men l, li toujou . . . Bondye te di.

190 "Yon nonm ki gen santan, ki jan bagay sa a pral fèt? Mwen fin vye granmoun, madanm mwen fin vye granmoun, ki jan bagay sa yo ka fèt?"

191 Li di: "Mwen se El Shaddai." Kounye a, *El* se "yo," e—e *Shaddai* se "tete yo," e Shaddai se pliryèl, ki vle di "Mwen se Bondye ki gen tete yo."

192 Tankou yon ti bebe k ap kriye e li malad, e fòs li kite l, li apiye sou pwatrin manman an epi l ap tete jouk li repran fòs li. Sètènman. Se pa sèlman . . . Lè l ap pran tete, li pa kriye ankò. Nan tete manman an, li satisfè pandan l ap resevwa fòs li.

193 E nenpòt moun ki pran pwomès Bondye a nan kè l, se ke: "Pwomès la se pou ou, ak pitit ou yo, pou moun ki lwen, ak tout sa Seyè Bondye nou an ap rele," e apiye w drèt sou sa epi tete jouk ou repran fòs ou. Ti pitit k ap kriye, kwè li! Se pou kwayan yo.

194 Pou kwayan ki poèt, mwen ka panse a anpil chante ke powèt yo te jwenn pou nou. Te gen youn nan yo ki te di yon fwa, Li . . .

Genyen yon Sous tou plen ak San,
Se San Jezikri,
Pechè yo ki benyen ladann,
Soti san tach e pi.

Vòlè a ki ta pe mouri
Te rejwi jou sa a;
E nanm mwen ki koupab kon li,
Jwenn padon nan Sous la a.

Depi mwen te wè tout bonte
Ou montre m nan sali W,
Amou W m ap chante san rete,
Jouk lè m a va mouri.

195 Pou mwen, Li se Dlo Pawòl Separasyon yo, ki separe w ak tout bagay ki kontrè ak Pawòl Li. Sa se Fontèn lan mwen kwè ke Li ye. Wi, mesye. Sa, Li se Dlo yo ki separe m ak tout rezèvwa ki

fèt ak men moun, pou l mennen m nan Fontèn Dlo vivan an. O, zanmi, mwen ka jis . . . Ou ka jis kontinye ankò e ankò, ak bagay sa yo ke—ke Li ye pou nou! Li se Alfa, Omega. Li se Kòmansman an, Li se Lafen an. Li se Sila a ki te, ki se, e ki pral vini an. Li se Rasin ak Posterite David. Li se Zetwal Maten an. Li se Tou nan tout bagay pou mwen.

196 E, frè, sè, si ou pa genyen yon—yon . . . Ou te jis ap bwè nan ti tank ki fèt ak men moun lan, diran tout lavi w, poukisa maten an ou pa abandone tank sa a epi vini nan Fontèn sa a?

197 Annou bese tèt nou jis yon ti moman. Avèk tèt nou bese . . . [Yon sè kòmanse chante nan yon lòt lang. Pati vid sou kasèt la. Yon moun bay yon entèpretasyon—Editè a.] . . . dapre opinyon mwen, apèl a lotèl la. Konbyen kounye a?

198 Mwen—mwen te tou nève, mwen—mwen te kenbe nou twò lontan, sa te fè m koupe mesaj mwen an an myèt moso. Men mwen kwè Sentespri a vle ou sezi sa mwen vle di. Gade, pa gen anyen ki pi enpòtan jodi a pase mete w nan lòd ak Bondye; ou wè, dine nou yo, kèlkeswa sa li ye, kèlkeswa. Seyè a isit la. Kounye a, mwen te sèlman tande sa anviwon yon fwa nan lavi m, depi tan sa a.

199 Bon ki jan . . . nou tout ki isit la, pa "konbyen." Tout moun isit la ki vle bwè nan Sa, jis kanpe jis pou yon minit, jis pou lapriyè. Bondye beni w. Seyè a beni w.

200 Kounye a, konbyen ki isit la, ki—ki kanpe prezan kounye a, ta di, antan w ap leve men w *konsa*, "Bondye, bouje sou mwen, jis ranpli m, kite m bwè nan Fontèn sa a. E mwen jis pa t fè sa ki dwat, men mwen—mwen mande Ou padon pou sa. Mwen vle pou Ou lave peche m yo. Epi kite—kite—kite m, apati jodi a, jis . . ."? Jis gade! O la la!

Genyen yon Sous tou plen ak San,
Se San Jezikri,
Pechè yo ki benyen ladann,
Soti san tach e pi.
Soti san tach e pi,
Soti san tach e pi;
Pechè yo ki benyen ladann,
Soti san tach e pi.

201 Kounye a, oumenm ki se yon kwayan Kretyen, ou aksepte Kris la kòm Sovè pèsonèl ou, men ou poko ankò . . . Kounye a, si ou poko genyen, sa se Fontèn lan. Sèl Sa ke mwen konnen se Fontèn ki soti nan venn Emanyèl yo. Kounye a, e si anpil nan ou isit la . . .

202 Se jis tankou mwen t ap pale lòt jou swa a sou ti èg sa a ki t ap mache nan baskou a ak poul yo. E li pa t janm konnen anyen ankò ke poul yo, men li te konnen ke te gen yon bagay sou li ki te diferan de poul yo. Epi manman l te vin chèche l, e li te rele depi anlè. Se te kri yon èg. Ou wè, li te dwe yon èg, pou kòmanse, sinon li pa t ap janm rekonèt kri sa. Ou wè, li . . .

203 Dwe gen yon bagay la a, ki jème, sinon li pa janm ka pwodwi Lavi. E si Semans lan, Pawòl Bondye a, nan ou, Sentespri a isit la kounye a pou fè sa jème epi fè Li tounen yon reyalite pou ou.

204 Konbyen moun isit la ki poko resevwa batèm Sentespri a, èske nou vle leve men nou? Toutotou, toupatou, se pou nou jis vrèman onèt, si nou pa resevwa Sentespri a, epi nou ta renmen resevwa L, leve men nou. Kèlkeswa kote nou ye a, jis kenbe men nou anlè, jis yon ti moman.

205 Kounye a mwen vle, nou ki kanpe ozalantou e k ap gade yo, mwen vle yon moun poze men w yo sou yo.

206 Mwen kwè kounye a Sentespri a pral ranpli nou chak ki vle Li. Kounye a pa panse a manje a deyò a la nan kafeterya a. Ann panse a Manje sa a ki isit la. Se Sila a. Sa se Lavi. Ou wè, sa se Lavi.

207 Kounye a vire tounen drèt, nou chak, epi poze men nou youn sou lòt. "E yo te poze men yo sou yo!" Kounye a mwen vle ou lapriyè pou moun sa a ou te gen men ou . . .

208 Kounye a, pa panse pou soti. Pa panse a okenn lòt bagay. Senpleman panse, kounye a menm, Sentespri a isit la pou ranpli chak moun. Louvri kè ou, jete tout dlo rezèvwa deyò, epi di: "O Fontèn Lavi, antre nan mwen. Ranpli mwen, O Seyè Bondye, ak bonte Ou e mizerikòd Ou."

209 Seyè Jezi, ki se Fontèn inepwizab sa a! Mwen priye, Bondye, ke Ou va ranpli yo chak. Se pou Sentespri a tonbe isit la. Mwen priye, Bondye, ke nou ta bliye tout bagay sou nenpòt lòt bagay; ke Sentespri a tonbe nan mitan nou, jis kounye a, epi ba nou Dlo Lavi sa yo, gratis, soti nan tout kote. Akòde sa, O Bondye. Pandan lapriyè ak chante ap kontinye, mele ansanm, Seyè, alòske nou rekonèt Prezans Ou, Prezans Divin Ou an, nou vle vini nan Fontèn lan. Nou vle reyèl, batèm otantik Sentespri a. Seyè, moun sa yo ap priye pou Li. Mwen priye ke, nan moman sa a kounye a menm, ke yo pral ranpli ak bonte Bondye. Akòde li, O Bondye. Koute lapriyè pitit Ou yo. Se pou Ou vini sou yo, se pou Pwisans Bondye a, ak Sentespri a, anvayi yo. Akòde li, Bondye.

210 O konbyen nou remèsye Ou pou rafrechisman an, pou Prezans Bondye pwisan an Ki nan Syèl la, Ki kanpe nan mitan nou an! Amidi tapan sa menm, Seyè, nouri nou! Seyè, nou vle Nouriti ki sot sou tab Ou. Nouri nou, Seyè, jis kounye a. Nouri nou ak Sentespri a, nan lavi nou. Nanm nou yo ki grangou e deseche yo swaf. Kòm Ou te di nan entèpretasyon chante a: "Li t ap vide dlo sou tè ki altere." Pèmèt sa rive, Seyè. Pèmèt Pawòl Ou yo manifeste nan kè pitit Ou yo: "Dlo yo sou yon tè ki sèk, deseche." Bondye Etènèl, tande lapriyè sèvitè Ou la, epi ban nou Benediksyon sa a. Amèn.

O, mwen renmen Je- . . .

211 Jis kontinye ba Li lwanj kounye a. Chèche konnen, Sentespri a isit la. Si ou pa resevwa Li, se fòt ou.

O, mwen renmen Jezi,

"Èske ou renmen Mwen plis pase sa yo?"

. . . renmen Jezi,
Paske Li renmen m anvan.

O, mwen renmen . . . (Lwanj pou Bondye!)
O, mwen renmen . . . (E si Li vini jis nan moman sa a?)
O, mwen renmen Jezi,
Paske Li renmen m anvan.

Mwen pap janm kite L,
Mwen pap janm kite L,
Mwen pap janm kite L,
Paske Li renmen m anvan.

Mèveye, mèveye, Jezi se pou mwen,
Konseye, Prens Lapè, Li se Bondye Pwisan;
O, Li sove m, Li kenbe m lwen tout peche ak wont,
Mèveye Redanmtè lan, lwanj pou Li . . .

212 Ann chante pou Li kounye a!

Mèveye, mèveye, Jezi se pou mwen,
Konseye, Prens Lapè, Li se Bondye Pwisan;
O, Li sove m, Li kenbe m nan peche ak wont,
Mèveye Redanmtè m lan, lwanj pou Non Li!

213 Tout moun ki santi sa, di: "amèn." [Kongregasyon an di: "Amèn."—Editè a.] O, alelouya! Mwen wè kèk moun k ap vini kounye a, ak Sentespri a.

Mwen te pèdi yon fwa, kounye a mwen sove mwen lib de tout kondannasyon,
Jezi bay libète ak yon delivrans total;
Li sove m, delivre m nan peche ak wont,
Mèveye Redanmtè m lan, lwanj . . .

Annou leve men nou kounye a e reyèlman lwan- . . .

O, mèveye, mèveye, Jezi se pou mwen,
Konseye, Prens Lapè, Li se Bondye Pwisan;
O, Li sove m, Li kenbe m lwen tout peche ak wont,
Mèveye Redanmtè m lan, lwanj pou Non Li.

214 Èske nou renmen Li? [Kongregasyon di: "Amèn!"—Editè a.] O, mèveye! Lwanj pou Fontèn sa a ki ranpli ak San an, kote pechè yo pèdi tout laperèz moun, tout kondanasyon, se jis gratis nan Li. Alelouya! O la la, sa vrèman mèveye!

215 Kounye a pandan ke n ap chante sa ankò, ke tout Metodis, Batis, Katolik, Presbyteryen, sa li ye a, pandan n ap chante sa,

"Mèveye, Jezi se pou mwen," annou jis vire tounen epi sere men nou youn ak lòt, jis fè yon ansyen bon melanj. Ou konnen, mwen, se sa mwen renmen. Annou wè, ann chante li kounye a pandan n ap fè sa.

O, mèveye, mèveye, Jezi se pou mwen,

216 [Frè Demos Shakarian pale ak Frè Branham: "Frè Branham, mwen jis sot resevwa nouvèl ke Prezidan Johnson, kouri nan lopital la avèk yon atak kè, e petèt nou ta dwe priye pou li ak pou nasyon nou an." Frè yo diskite sou li. Yon moun di: "Ann rete tann yon minit."—Editè a.]

Mèveye, Jezi se, (se vre)
O, Konseye, Prens Lapè,

217 [Frè Shakarian pale ankò ak Frè Branham: "Ekskize m, ekskize m ankò, èske ou vle desann pou jis yon minit?" Frè Earl Prickett ap kondwi kongregasyon an nan sèvis chan yo, *Mèveye*. Pati vid sou kasèt la. Kongregasyon an ap chante *Gen Yon Rivyè Lavi*. Yon lòt pati vid sou kasèt la—Editè a.]

Bib la di: "Lapriyè pou moun sa yo ki gen otorite."

218 Papa nou Ki nan Syèl la, nou kanpe nan yon bezwen dezespere pou lidè nasyon nou an, Prezidan nou an. Li ka pa janm konnen sa, Seyè, men Ou konnen li. Mwen priye pou Frè Johnson, kòm li deklare ke li kwè nan Ou. E, Papa, yon atak kè, nou konprann, frape l. Mwen priye, Bondye, prezève lavi l. Nou nan yon—yon kriz nasyonal kounye a, kanmèm. E se pou Lespri Ou vin sou li, Seyè. E kounye a menm, nan lopital la oswa kèlkeswa kote li ka ye a, e se pou Lespri Ou desann nan Lopital Walter Reed sa a epi touche kò l, prezève lavi l. Seyè, nonm lan anba presyon, plis presyon pase sa nou konprann. Alò nou priye, Bondye, kòm kwayan e kòm nou fè pati nasyon sa a, nou lapriyè pou lidè nou an, ke Ou va akòde li yon pwolongasyon nan lavi, nan tan serye sa a, nan Non Jezikri. Amèn.

*Rezèvwa Ki Fann* CRE65-0123
(Broken Cisterns)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on samdi maten 23 janvye 1965, pou dejene Fratènite Entènasyonal Òm Dafè Levanjil Konplè, nan Ramada Inn nan Phoenix, Arizona, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatêt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfèmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org